

Pawòl Ko-edite yo

Evens Emmanuel et Michelet Joseph

Lè nou te pibliye demann pou tèks ki dwe ale nan kaye tematik sa a, nan twazyèm epi katyèm trimès ane 2013 la, sa te lakòz anpil lide fè ale-vini epi moun te poze tout kalite kesyon sou posiblite pou gen yon ratman dlo an Ayiti nan ane 2025. Alaverite, anpil moun ki ap travay nan domèn dlo pa te kab konprann sityasyon ratman dlo a pou Ayiti, paske nan yon ane genyen 1 400 mm dlo lapli ki tonbe nan peyi a. Jounen jodi a, sa ki konte, se pa senpman potansyèl yon peyi genyen sou plan resous renouvlab, se an menm tan posibilite pou analize relasyon ki genyen ant resous sa yo epi kantite moun peyi a genyen.

Alaverite, pou yo pale sou koze ratman dlo sou latè, ki kòmanse nan ane 1992, yo sèvi ak kantite dlo ki genyen disponib pou chak moun pandan yon ane. Gen kèk idwològ [1], moun ki ap etidye sa ki an rapò ak dlo, ki kwè, si kantite dlo ki genyen pou chak moun nan yon peyi pi piti pase 1 700 m³/ane (sityasyon ki koze estrès nan domèn dlo), ap gen yon pwoblèm nan devlopman peyi a; si kantite dlo ki disponib lan pi ba pase 1 000 m³/ane, se yon sityasyon ratman dlo ki kòmanse, epi si kantite dlo disponib pandan yon ane pi piti pase 500 m³, se yon ratman dlo total. Nivo kapasite dlo sa yo ban nou yon lide pou nou kab konprann pi byen pwoblèm ki genyen nan koze dlo dous sou latè.

Trac di, potansyèl resous dlo renouvlab an Ayiti kapab estime pou anviwon 12 milya mètr kib pou yon ane, epi yo sèvi ak mwens pase 10% potansyèl sa a [2]. Sepandan, li pa fasil pou demontre fòs potansyèl sa a. Genyen tout kalite pwoblèm teknik, sosyo-ekonomik epi pwoblèm an rapò ak enstitisyon yo ki lakòz sa. Daprè Ministè anviwonman an, potansyèl resous dlo renouvlab la se 14 milya mètr kib pou yon ane. Ladan, genyen 12,5 milya ki koresponn ak dlo ki koule sipèfisyèlman epi 1,5 milya koresponn ak resous kontwole napdlo ki anba tè [3]

Rapò ki genyen ant dlo renouvlab yo ak popilasyon peyi a kounye la a montre akèl estrès peyi a nan domèn dlo. Pou yo kalkile kalite estrès sa a, yo sèvi ak enfòmasyon ki soti nan de (2) pwojè¹ kowoperasyon entènasyonal la apiye apati resous dlo ki disponib an Ayiti, sa vle di, soti 1 200 m³ pou rive 1 400 m³ dlo pou yon moun chak ane. An Ayiti, kantite dlo ki disponib pou yon moun, pandan yon ane pi piti pase 1 700 m³. Plis pase

aspè kantitatif la, an Ayiti, nou dwe abòde pwoblèm ratman dlo a sou lòt plan, tankou jesyon dlo a epi prensipalman kalite li.

Divès inondasyon ki genyen Ayiti nan tan lapli ak lòt pwoblèm ki genyen nan fason yo jere dlo a, an patikilye dwa pou moun jwenn dlo ki sou lagraba, mankman ki genyen nan sistèm pou moun jwenn dlo pou yo bwè a, sistèm irigasyon an ki pa efikas, inekzistans izin pou netwaye dlo sal, tout sa, se divès sityasyon ki kab kreye batay nan mitan moun ki bezwen dlo a pou sèvis yo; sityasyon latwoublay sa yo kapab vin pi grav toujou lè genyen tansyon politik ak kiltirèl nan mitan moun yo. Poudayè, *Collet* di, dlo, se yon byen Leta, se yon resous moun itilize anpil epi nan divès fason, genyen divès enstitisyon nan Leta Ayiti ki pataje li epi ki ap goumen pou li[4].

Nan mitan sityasyon kou estrès nan domèn dlo epi ratman dlo nètale, Gwoup Refleksyon ak Aksyon pou yon Ayiti tou Nèf la (GRAHN) kwè li enpòtan pou louvri dosye ki konsène pwoblèm dlo nan peyi a ak kesyon kou: ki estrateji nasyonal ki genyen pou kreye epi devlope resous dlo tou nèf? Èske gen travay rechèch ki ap fèt sou kalite dlo a, kantite dlo ki genyen epi administrasyon dlo a nan peyi Ayiti?

GRAHN ap eseye jete yon koudèy tou nèf sou kesyon sa yo apati kaye tematik sa a. Pou li fè sa, li mete ansanm senk atik ki pale sou kalite dlo a nan peyi Ayiti, pri li, epi fason yo administre li. Men lis moun ki ekri sou pwoblèm lan:

- a) **Ketty Balthazard-Accou et al.** pale sou kontaminasyon dlo ki sikile anba tè nan kèk rejyon nan Pòtoprens, Okap ak Okay ak yon parazit ki rele *Cryptosporidium oocysts* epi divès kalite risk li pote pou sante moun.
- b) **Gaston Jean et al.** poze pwoblèm lan sou fason anpil moun nan peyi a itilize latrin, prensipalman nan zòn Gonayiv, kote li parèt akèl, gen risk pou tout kalite dechè al kontamine dlo ki anba tè a. Pou yo rezoud pwoblèm sa a, li ta bon pou bati watè an lityè byometrizè. Sa ta pwoteje dlo ki ap sikile anba tè yo.
- c) **Francis Rosillon** pale sou kesyon administrasyon dlo nan yon fason pou yo mete ansanm tout sa ki konsène dlo nan peyi a. Li pwopoze yon apwòch ki ta kab suiv metòd yo itilize depi plizyè ane nan basen vèsan larivyè Moustik, nan depatman Nòdwès peyi a, kote, nan administrasyon dlo

a, yo mete ansanm tout sa ki konsène dlo. Yo rele sa: yon jesyon dlo entegre.

- d) **Étienne Billette de Villemeur et al.** demontre nan atik yo a, fason yo fè moun peye pou dlo nan rejyon elaji Pòtoprens lan ogmante inegalite an rapò ak fason pou moun jwenn dlo epi sa pa fòse jesyonè yo pou yo pran swen rezo dlo a. Yo pwopoze yon lòt fason pou yo fè moun peye pou dlo apati kantite jou moun vrèman jwenn dlo a.
- e) **Valentino Nelson** konsidere move fason yo administre rezo dlo a epi dlo a limenm kòm resous, pou li pwopoze otorite responsab depatman Nodès yo yon metodoloji pou yo mete sou pye yon chapant pou jere dlo a nan yon fason entegre, kote tout moun kapab patisipe nan jesyon dlo a kòm resous (GIPARE an franse). Sa kab fèt dapre oryantasyon aktyèl gouvènman Ayiti a epi dapre prensip entènasyonal tout moun konnen nan domèn devlopman dirab (DD).

Senk atik sa yo bay yon seri lide pou refleksyon pou inivèsité ayisyen yo ansanm ak patnè prensipal yo genyen, ki dwe kontinye travay, malgre tout difikilte ki genyen pou yo jwenn lajan pou yo fè rechèch an Ayiti, sou premye rezilta sa yo, yon fason pou fòse otorite nan peyi a adopte yon bon jan politik pou jesyon entegre tout resous sou fòm dlo.

Genyen yon pakèt peyi ki gen pwoblèm ratman dlo. Plis itilizasyon dlo a kreye dezagreman, se plis li enpòtan pou gen moun

konpetan ki ap travay sou dosye a. Nan ka Ayiti a, nou bezwen yon lòt apwòch pou abòde pwoblèm syantifik, sosyo-ekonomik epi teknik ki konekte ak diferans ki genyen ant yon bezwen ki la ki ap ogmante epi ratman dlo a, pou ralanti move efè yo. Sa vin kreye nesosite pou genyen yon regwoupman tout kalite fouyapòt nan domèn dlo anndan yon enstiti ki ap travay nan kalite domèn sa a ansanm ak divès risk ki genyen nan anvivonnman an. Enstiti sa a, nan kad travay li anndan yon pwojè akademi ayisyen pou lasyans sou lobedyans GRAHN, va devlope divès kalite zouti, pou pèmèt Leta ayisyen adopte epi ranfòse politik piblik li nan domèn dlo. ■

BIBLIYOGRAFI

- 1 FALKENMARK, M., et C. WIDSTRAND (1992). « Population and water resources: a delicate balance », *Population Bulletin*, Population Reference Bureau, vol. 47, cité par François Gadelle (1995). « Le monde manquera-t-il bientôt d'eau ? », *Sécheresse*, vol. 6, n° 1, p. 11-15.
- 2 TRAC, N'G. Q. (1990). *Proposition de schéma directeur de développement et gestion des ressources en eau. Fondement pour une nouvelle politique de l'eau*, Projet HAI/86/03, Port-au-Prince, PNUD.
- 3 MINISTÈRE DE L'ENVIRONNEMENT (MDE) (1998). *Atelier sur la gestion et la législation de l'eau en Haïti. Rapport de synthèse. Programme de formulation de la politique de l'eau*, Port-au-Prince, MDE.
- 4 COLLOT, G. (1998). *Diagnostic de la législation de l'eau en Haïti. Rapport de synthèse de l'atelier sur la gestion et la législation de l'eau*, Port-au-Prince, Ministère de l'Environnement.

Evens Emmanuel, Ph.D. est professeur à l'Université Quisqueya. En juin 1998 il a fondé, au sein de cette université, le Laboratoire de Qualité de l'Eau et de l'Environnement (LAQUE), et en janvier 2013 le Laboratoire Santé-Environnement. En septembre 2003, il a mis en place le Master Recherche en Écotoxicologie, Environnement et Gestion des Eaux (MEEGE) et dirige depuis janvier 2011 l'École doctorale « Société et Environnement » de l'Université Quisqueya. Il détient un master en sciences dans le domaine du génie sanitaire de la Universidad de San Carlos de Guatemala, et un doctorat en sciences de l'environnement de l'Institut National des Sciences Appliquées de Lyon. Il a obtenu son diplôme d'Habilitation à Diriger des Recherches en juin 2008 à l'École doctorale « Chimie de Lyon » – spécialité: Sciences de l'Environnement Urbain et Industriel, selon la procédure commune appliquée à l'Institut National des Sciences Appliquées de Lyon (INSA de Lyon) et à l'Université Claude Bernard – Lyon 1. Il est relecteur pour plusieurs revues scientifiques internationales. Sa thématique de recherche est l'évaluation des risques sanitaires et écologiques liés à l'eau de boisson et aux eaux usées. Professeur Evens Emmanuel est membre du Conseil scientifique de l'Agence universitaire de la Francophonie. evens.emmanuel@gmail.com

Michelet JOSEPH, Ing., M.Ing. Diplômé en génie civil de la Faculté des Sciences de l'Université d'État d'Haïti, il détient aussi une Maîtrise en génie sanitaire de l'Université Nationale Autonome du Mexique. Actuellement retraité, il a passé la majeure partie de sa carrière au Service des Infrastructures et de l'Environnement de la Ville de Montréal où il était affecté au contrôle de la quantité et de la qualité des effluents industriels déversés dans les réseaux d'égouts et les cours d'eau et évacués dans l'atmosphère. micheletjoseph@hotmail.com